

## Fè nou gen kran

(Tra. 4:29)

1. Pandan n'ap bay bon nouvèl la,  
E n'ap fè konn non'w ki gran,  
Nou jwenn anpil opozisyon  
Ki ka bay dekourajman.  
Men, olye nou pè lèzòm,  
Nou vle se ou pou'n obeyi.  
Donk, n'ap mande ou pou'w ban'n lespri'w;  
O Jewova, tande'n tanpri.

*(REFREN)*

*Fè nou gen kran, o Toupisan,  
Pou'n preche san nou pa pè.  
Fè nou gen konfyans ak kouraj  
Pou'n bay mesaj la byen klè.  
Amagedòn ap vin talè,  
Anvan jou sa' rive Seyè,  
Fè nou gen kran, o Toupisan,  
Koute priyè'n.*

2. Lè laperèz anvayi nou,  
Pa bliye nou se pousyè,  
Ou soutni'n ou ban nou valè,  
Nou kwè nan pwomès ou fè.  
Gade jan y'ap ban'n presyon,  
Y'ap pèsekite nou toutan.  
Tanpri, ede nou pou'n andire,  
Pou'n fè konn non ou avèk kran.

*(Refren)*